

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	1 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Publikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

I. RÈGLEMAN:

Bayfront Health St. Petersburg gen yon estrateji pou tabli pwosesis asistans finansye ki pran responsablite egalego nan lide pou bay sèvis swen sante a manm nan kominote a ki pa gen mwayen pou peye pou tretman dijans oswa pou tretman ki nesèsè sou plan medikal. Pwogram asistans finansye Bayfront Health St. Petersburg lan reponn nan fason pozitif a bezwen kominote a, kèlkanswa laj, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, andikap, ras ak gwoup etnik.

II. DEFINISYON:

Lè yo itilize yo nan règleman sa a tèm sa yo gen siyifikasyon annapre la yo:

- A. Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts Generally Billed): Montan yo chaje anjeneral pou ijans oswa lòt swen nesèsè sou plan medikal ke yo bay payasan yo.
- B. Peryòd Aplikasyon: Peryòd kote Bayfront Health St. Petersburg dwe aksepte epi travay sou yon aplikasyon pou asistans finansye annakò ak FAP li a ke yon moun soumèt dekwa pou li te fè ase efò pou jwenn si wi ou non moun nan kalifye pou asistans finansye dapre règleman an. Peryòd Aplikasyon an kòmanse nan dat yo bay swen an epi li fini nan sa ki pi lwen an ant 240^{yèm} jou apre dat yo bay premye bòdwo apre egzeyat la oswa 30 jou omwen apre Bayfront Health St. Petersburg bay moun nan yon avi alekri ki fikse yon dat limit kote apre dat sa, yo gendwa tanmen ECA yo.
- C. Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (ECA, Extraordinary Collection Actions): Dapre Gid IRS yo, Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè vle di mezi ki pran kont yon moun anrapò ak efò pou jwenn peman yon Kont Peye Limenm ki mande yon pwosesis legal oswa jidisyè oswa ki konsènen vann Kont Peye Limenm la ba yon lòt antite oswa rapòte enfòmasyon negatif sou Moun ki bay garanti an ba ajans rapò kredi konsomatè oswa biwo kredi yo.
- D. Règleman Asistans Finansye (FAP, Financial Assistance Policy): Règleman Asistans Finansye Bayfront Health St. Petersburg:
- E. Moun ki kalifye pou FAP: Yon moun ki kalifye pou asistans finansye dapre FAP Bayfront Health St. Petersburg lan (san konsidere si wi ou non moun nan te aplike pou asistans nan kad FAP a).
- F. Gid Federal sou Povrete (Federal Poverty Guidelines, FPG): Yon mezi revni Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Health and Human Services, HHS) pibliye chak ane. Yo itilize Gid Federal sou Povrete pou detèmine kalifikasyon pou sèten pwogram ak benefis, tankou ekonomi sou asirans sante Mache Asirans Sante a (Marketplace), epi kouvèti Medicaid ak CHIP.
- G. Moun ki bay Garanti: Moun k ap resevwa swen an ak/oswa moun ki responsab pou zafè lajan an.
- H. Kont Epay Sante (Health Savings Account (HSA)): Yon kont epay medical ki gen avantaj fiscal ki disponib pou moun ki enskri nan yon plan sante ki gen franchiz ki elve (HDHP).
- I. Pasyan/Ajan/Reprezantan Legal: Yon moun, dapre lwa ki aplike nan sitiyasyon sa, ki gen otorite pou aji onon yon moun. Yon reprezantan legal kapab yon ranplasan, mandatè, gadyen pou desizyon swen

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	2 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

sante, oswa paran osinon yon lòt moun k ap aji nan plas yon paran (in loco parentis) pou yon minè ki pa-emansipe, oswa yon egzekitè oubyen administratè byen.

- J. Sipò Katastwofik/Medikalman Endijan: Sipò ki paysan/moun ki gen garanti a resevwa lè depans medikal yo depase kenz pousan (15%) revni anyèl brit fanmi/ fwaye a pou moun ki gen FPG ki egal ak oswa pi ba pase senksan pousan (500%).
- K. Kalifikasyon Prezime: Itilizasyon ajans deyò, bazdone demografik, epi/oswa done rapò kredi yon lòt pati deyò ki sèvi kòm yon modèl prediksyon pou detèmine kapasite Pasyan/Moun ki bay garanti a genyen pou peye.
- L. Kont Peye Limenm ki Pa asire: Yon kont kote pa gen okenn lòt pati deyò k ap peye oswa asirans ki responsab epi ki sou responsabilite Pasyan/Moun ki bay garanti an.
- M. Kont Peye Limenm apre Asirans: Yon kont kote yon lòt pati deyò k ap peye te soumèt peman epi montan ki rete yo se sou responsablite Pasyan/Moun ki bay garanti a. Kapab gen nan li, men pa sèlman, koasirans, kopeman epi/oswa dediktib.

III. PWOSEDI:

- A. Obligasyon
 - 1. Bayfront Health St. Petersburg repekte seksyon 501(r) nan Kòd Revni Entèn (Internal Revenue Code) ki egzije pou òganizasyon lopital yo tabli yon règleman asistans finansye alekri. Yon òganizasyon lopital se yon òganizasyon yo rekonèt (oswa k ap chèche pou yo rekonèt li) jan sa dekri nan seksyon 501(c)(3), k ap opere yonn oswa plizyè etablisman lopital.
 - 2. Konsèy Administrasyon oswa yon òganis otorize lopital ki gen egzansyon pou taks la dwe apwouve règleman sa a.
 - 3. Tout doktè ki anplwaye nan Bayfront Health St. Petersburg yo dwe swiv FAP Bayfront Health St. Petersburg lan. Founisè swen ki sou kontra, founisè kominotè/prive pa oblije patisipe nan pwogram asistans finansye Bayfront Health St. Petersburg lan. Yon mete sou sit entènèt Bayfront Health St. Petersburg lan yon lis doktè ki anplwaye nan Bayfront Health St. Petersburg. Anplis de sa, ou ka jwenn sou sit entènèt nou an yon lis ki gen tout founisè kontraktiyèl/kominotè/prive ki bay swen dijans oswa lòt swen ki nesèsè sou plan medikal nan etablisman lopital yo, oswa y ap fè w jwenn lis la gratis si w mande. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
 - 4. FAP ak Aplikasyon Deklarasyon Finansye Moun ki bay garanti (Guarantor Financial Statement Application, GFSA) Bayfront Health St. Petersburg lan disponib fasilman pou pasyan, vizitè ak manm kominote a ke nou sèvi yo. Y ap mete aladispozisyon yo kopi sou paye pou FAP ak Rezime nan Langaj Klè a si yo fè demann lan pa lapòs, nan anplasman

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	3 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

biwo dafè admisyon ak ijans yo, menm jan ak sou sit entènèt Bayfront Health St. Petersburg lan tou san okenn frè. Yo pral fè Rezime nan Langaj Klè a disponib nan zòn piblik yo nan lopital yo. Konsilte Iyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.

5. Y ap ofri pasyan yo yon kopi dokiman Rezime nan Langaj Klè a sou papyè pandan enskripsyon/admisyon an.
6. FAP a disponib ann Anglè ak nan lang prensipal rezidan ki reprezante pi piti pase senk pousan 5% nan kominote nou sèvi a osinon 1,000 moun pa lopital nou yo. Bayfront Health St. Petersburg pral fè yon analiz chak ane sou lang ki parèt nan kominote nou an. Ou ka jwenn tradiksyon FAP a ak Rezime nan Langaj Klè a nan Iyen dokiman sipò yo ki disponib nan fen règleman sa a.
7. Montan yo Chaje Anjeneral (AGB, Amounts Generally Billed): Bayfront Health St. Petersburg detèmine Montan ki Chaje Anjeneral (SGB) pou swen pandan y ap itilize pwosesis faktirasyon ak kodaj li t ap itilize si moun nan te benefisyè sèvis peyan ak etablisman AGB a pou swen nan montan li detèmine Medicare ak benefisyè Medicare a asanm t ap espere pou peye pou swen an.
 - a. Bayfront Health St. Petersburg te detèmine AGB pandan l ap itilize metòd Medicare.
 - b. Bayfront Health St. Petersburg revize AGB a chak ane.
 - c. Nenpòt lè Bayfront Health St. Petersburg, etablisman lopital ki mansyone pi ba yo, founi swen ki medikalman nesèsè oswa swen dijans pou yon moun elijib pou FAP, machaswiv sa yo aplike ak
8. Kòm lopital ansèyman prive, ki pa la pou fè pwofi, Bayfront Health St. Petersburg founi swen sante konplè. Yo founi sèvis pou tout moun kèlkanswa laj, sèks, oryantasyon seksyèl, relijyon, andikap, ras ak gwoup etnik.
9. Annakò ak Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Travay (EMTALA, Emergency Medical Treatment and Labor Act), yo pa pral refize moun tretman lè yo soufri yon ijans medikal reyèlman, kèlkanswa kapasite yo gen pou peye. Bayfront Health St. Petersburg pa pral fè mannèv ki dekouraje moun chèche swen medikal pou ijans, tankou pa egzanp mande pou pasyan depatman dijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou pwoblèm medikal dijans oswa pèmèt aktivite koleksyon dèt ki anpeche founi swen medikal pou ijans san diskriminasyon. Doktè k ap fè tretman an pral deside pwoblèm ijans yon pasyan baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.
10. Doktè k ap fè tretman an pral deside swen ki nesèsè sou plan medikal baze sou eksperyans li, fòmasyon ak kòd moralite li.
11. Pou tout pwosedi yo chwazi fè ak sa ki planifye yo, Bayfront Health St. Petersburg gendwa sèvi ak dwa li genyen pou ranvwaye sèvis pou Pasyan/Ajan ki pa vle peye tout

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	4 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

responsablite finansyè yo genyen oswa ki pa vle angaje yo pou yon plan peman ki rezonab.

B. Gid Federal sou Povrete

1. Montan minimòm yo fikse pou revni anvan taks ke yon fanmi/kay bezwen pou manje, rad, transpò, lojman ak lòt nesosite. Ozetazini se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal ki kalkile nivo a.
2. Chak ane, gouvènman federal la tabli giv revni ki povrete pou ane a epi li pibliye yo nan Rejis Federal. Pwogram asistans finansye Bayfront Health St. Petersburg lan sèvi ak gid sa yo lè y ap deside kalifikasyon pou swen gratis, e y ap sèvi ak gid ki pi resan yo pandan pwosesis seleksyon an. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
3. Moun oswa fanmi/fwaye ki pa asire ki twouve yo nan twasan pousan (300%) oswa pi ba pase FPG ap kalifye pou asistans finansye pou responsablite finansye yo pou sèvis ki kalifye nan règleman sa a.
4. Moun oswa fanmi/fwaye ki gen kouvèti asirans/kouvèti tyès pati ki twouve yo de san vennsenk pousan 225% Nivo Povrete Federal oswa ki pi ba ap kalifye pou pati yo peye yomenm apre responsablite finansye asirans pou sèvis ki kalifye nan règleman sa a.
5. Dapre sa ki prevwa nan Seksyon 501(r), Bayfront Health St. Petersburg oblije mete limit nan chaj yo pou pasyan ke yo jwenn ki kalifye pou asistans finansye.

C. Kalifikasyon

1. Pasyan/Moun ki bay garanti ki vle pou yo konsidere posiblite asistans finansye pou yo, yo oblije fè pwosesis aplikasyon an epi bay enfòmasyon sa yo jan sa nesèsè:
 - a. Tout non legal
 - b. Revni kay la pou peryòd 12 mwa anvan an
 - c. Kantite moun ki nan kay la
 - d. Fòm enkòm taks oswa lòt fòm konfimasyon revni, tankou fòm W2, dokiman IRS 1099, souch chèk, ak etadkont labank
 - e. Divilgasyon resous ki ka konvèti an lajan kach epi ki pa nesèsè pou lavi toulejou.
 - f. Sètifikasyon siyati sou Aplikasyon Eta Finans Moun ki bay garanti a (GFSA, Guarantor Financial Statement Application).
 - g. Ou ka jwenn yon lyen elektwonik pou aplikasyon an nan dokiman sipò yo nan fen règleman sa a.
2. Yo pral ofri asistans finansye a Pasyan/Moun ki bay garanti, ki ranpli kondisyon pou kalifikasyon epi ki abite kote Bayfront Health St. Petersburg opere etablisman swen egi yo.
3. Sitwayen Ameriken ki gen yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN, Social Security Number) valab ki abite deyò zòn nan resevwa sèvis ak pasyan etranje ki otorize legalman ki te resevwa nimewo ID leta pou Taks (TIN, Tax ID Number), moun sa yo kalifye pou yo konsidere

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	5 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

posiblite asistans pou yo. Yo dwe bay dokiman pou jistifye konsiderasyon an epi apwobasyon ap fèt dapre desizyon sou chak ka apa.

4. Y ap anvizaje posiblite swen gratis pou moun ki respekte kondisyon ki mansyonnen nan FAP sa a. Moun ki pa respekte kondisyon FAP sa a, yo gendwa konsidere yo pa kalifye. Anplis ke yo dwe ranpli lòt kondisyon ki dekri nan règleman sa a, Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bagay sa yo:
 - a. Pasyan/Moun ki bay garanti yo dwe kolabore pou bay tout enfòmasyon ki soti lòt kote tankou enfòmasyon veyikil amotè oswa lòt enfòmasyon aksidan, demann pou Kowòdinasyon Benefis (COB, Coordination of Benefits), oswa lòt enfòmasyon ki nesèsè pou deside sou reklamasyon, elatriye
 - b. Pasyan/Moun ki bay garanti yo pral epwize tout resous yo ki enkli Plan Marketplace Healthcare Exchange, Kont Epay Sante (Health Savings Account, HSA), plan medical gwoup patwon yo, plan oto-asire yo, ministè ak/oswa gwoup pataj depans pou swen sante yo, anvan key o pran yo an konsiderasyon pou asistans finansye.
 - c. Pasyan/Moun ki bay garanti ke yo jwenn ki gen bagay ki fè yo kalifye pou Medicaid dwe kolabore avèk pwosesis Medicaid ki annatant. Pou resevwa asistans finansye nan swen sante, pasyan an dwe aplike pou asistans Medicaid epi li jwenn refi pou nenpòt lòt rezon apade sa ki annapre la yo:
 - 1) Pa te aplike.
 - 2) Pa te fin fè tout pwosesis aplikasyon an.
 - 3) Pa te bay verifikasyon ke yo mande.
5. Yo ka refize Asistans Finansye a si gen ase dout ki fè kwè aplikasyon an pa kòrèk. Si Pasyan/Moun ki bay garanti a bay dokiman ki nesèsè yo ak enfòmasyon yo mande pou fè eklèsisman sou enfòmasyon yo, yo ka rekonsidere aplikasyon an. Yo pral egzaminen epi okipe de chak ka apa nan posiblite pou rekonsidere a.
6. Kalifikasyon Prezime: Si pa gen yon fòm Aplikasyon pou Èd Finansye ki ranpli, yo ka konsidere kòm moun ki kalifye pou èd finansye ki pi charitab moun ki pa gen asirans epi ki reprezante ak youn oswa plizyè nan sa ki site annapre la yo. Yo sipoze pasyan yo kalifye pou asistans finansye dapre sikonstans espesyal pèsònèl, pa egzanp:
 - a. egzeyate nan yon etablisman swen enfimye kalifye.
 - b. sitiyaasyon sanzabri dokimante.
 - c. mouri san pa gen prèv validite testaman/byen.
 - d. resevwa yon Òdonans Dechaj nan kad pwosedi fayit pèsònèl.
 - e. Pa mwayen Evalyasyon Endepandan Kalifikasyon, yo te konsidere yon moun kòm yon moun ki gen eskò kapasite pou peman ki fèb oswa enkoni. Evalyasyon Kalifikasyon Endepandan an gen ladan algoritm ki entegre done ki soti nan biwo kredi, bazdone demografik, ak done byen presi pou lopital. Done rapò sou kredi tyès pati ak lòt sous done

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	6 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

ki disponib piblikman itilize modèl prediksyon endistri swen sante a rekonèt yo ki baze sou bazdone dosye piblik pou kalkile yon eskò kapasite sosyo-ekonomik ak finansye. Enfòmasyon ki ranmase apati Evalyasyon Endepandan Kalifikasyon sa a pral reprezante dokiman sifizan konsènan bezwen finansye dapre Règleman sa a pou dedui epi klase moun nan kategori mwayen ekonomik pa yo chak kèlkeswa si wi ou non yo te bay dokiman konplè volontèman.

7. Bayfront Health St. Petersburg pral kolabore avèk ajans kominotè apwouve ki pa pou pwofi ki bay sèvis pou moun ki manke asirans ak moun yo ki pa asire dapre politik seleksyon kritè finansye ki sanble ak FAP sa a epi ki aksepte yo nan kad pwogram sa a.
 8. Bayfront Health St. Petersburg gen dwa pou li klarifye enfòmasyon ke l jwenn yo pandan pwosesis seleksyon an, ki enkli aktif ke l jwenn oswa liy kredi ki disponib.
 9. Medikalman endijan/katastwofik:
 - a. Pasyan/moun ki bay garanti ki jije medikalman endijan oswa ki reponn ak machaswiv katastwofik balans ki depase kenz pousan (15%) revni fanmi/kay yo, men pa plis pase senk san pousan (500%) FPG, pral pran an konsiderasyon pou swen gratis.
- D. Pwosesis Aplikasyon
1. Pasyan ka resevwa èd pou pwosesis aplikasyon an avèk metòd ki annapre la yo:
 - a. Konseye Finansye yo disponib nan anplasan biwo dafè Bayfront Health St. Petersburg yo epi yo pral ede pasyan yo ranpli fòm aplikasyon an, anvan yo entène, pandan yo entène ak apre yo te entène lopital.
 - b. Reprezantan Asistans Finansye yo disponib Lendi – Vandredi, 8:00 am – 4:30 pm. Ou ka jwenn yo pa telefòn nan 321.843.8955, oswa pa imèl nan: BayfrontStPeteFinancialHelp@orlandohealth.com.
 2. Pasyan kapab aplike pou asistans finansye nan fason sa yo:
 - a. Ranpli ak soumèt yon GFSA ba Bayfront Health St. Petersburg pou evalyasyon.
 - b. Pandan pasyan an entène lopital, reprezantan yo disponib pou ofri asistans pou ranpli GFSA.
 - c. Mande GFSA a alekri oswa jwenn li sou sit entènèt Bayfront Health St. Petersburg lan oswa ale an pèsòn nan yon etablisman Bayfront Health St. Petersburg.
 - d. Yo ka mande pou Pasyan/Moun ki bay garanti yo bay kopi fòm enkòm taks si sa nesesè.
 - e. Konsilte lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.
- E. Desizyon
1. Pou jwenn plis detay konsilte Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan Bayfront Health St. Petersburg (Peye Limenm) ki disponib nan lyen dokiman sipò ki nan fen règleman sa a.

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	7 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

2. Bayfront Health St. Petersburg pral egzaminen aplikasyon pou asistans finansye yo pou wè si yo konplè e kòrèk, pandan "Peryòd Apre Egzeyat ak Peryòd Aplikasyon". Sa se peryòd kote Bayfront Health St. Petersburg dwe aksepte epi travay sou aplikasyon pou asistans finansye ke Pasyan/Moun ki bay garanti soumèt. Peryòd sa a fini apre 240^{vèm} jou apre premye etadkont pasyan apre egzeyat. Reprezantan Bayfront Health St. Petersburg yo pral egzaminen pou fè sa ki annapre la yo:
 - a. Konfime enfòmasyon sou revni ak depans kay la.
 - 1) Revni fanmi an, ankontan men se pa sa sèlman, salè, benefis sekirite sosyal, benefis grèv, benefis chomaj, sipò timoun, eritaj, pansyon alimentè, revni mari/madanm, benefis Konpansasyon Travayè, benefis pansyon andikap, dividann envestisman, ak enterè. Pasyan/Moun ki bay garanti a dwe mete tou revni total anvan taks pou tout manm fanmi k ap travay nan kay la ankontan moun ki poko gen laj 18 an.
 - 2) Moun nan kay la gen ladan pasyan, mari/madanm, ak timoun natirèl oswa adoptif ki poko gen laj 18 an. Si yon depandan andikape epi li gen plis pase 18 an, li antre nan gwosè fanmi an.
 - b. Si aplikasyon an pa konplè:
 - 1) Bayfront Health St. Petersburg pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri ki dekri enfòmasyon anplis ak/oswa dokiman ki nesèsè pou fin fè tout aplikasyon pou asistans finansye a.
 - 2) Bayfront Health St. Petersburg pral bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon avi alekri omwen ki kominike pwosesis koleksyon y ap tanmen si yo pa peye reklamasyon an(yo).
 - c. Si aplikasyon an apwouve, yo pral voye bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon lèt apwobasyon ki gen detay byen presi. Asistans finansye apwouve pral pwolonje ak douz (12) mwa anvan oswa douz (12) mwa apre dat apwobasyon aplikasyon orijinal la.
 - d. Si aplikasyon an refize, yo pral voye bay Pasyan/Moun ki bay garanti a yon lèt refi ki gen detay byen presi, pandan y ap fè efò ki rezonab. Bayfront Health St. Petersburg ap kontinye avèk pwosesis koleksyon nòmal la.
3. Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè yo (ECA, Extraordinary Collection Actions) se mezi Bayfront Health St. Petersburg ka pran sizoka peman pa fèt epi ou ka jwenn li an detay nan Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan (Peye Limenm).
 - a. Bayfront Health St. Petersburg deklare yon Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè kòm yon rapò negatif ba yon ajans rapò kredi onon Pasyan/Moun ki bay garanti a.
 - b. Bayfront Health St. Petersburg bay tèt li dwa pou vann yon dèt ba yon ajans ekstèn pou chèche rezoud peman.

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	8 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

- F. Pasyan/Moun ki bay garanti yo pral resevwa yon rabè swasant pousan (60%) sou frè total yo peye yomenm pou tout sèvis alesepsyon esklizyon ki endike nan Seksyon G anba a.
- G. Esklizyon
Asistans finansye pa aplike pou:
1. Swen ochwa.
 2. Pwogram pake pri spesyal tankou kosmetik, baryatrik, elatriye.
 3. Lòt sèvis ki pa nesèsè sou plan medikal dapre règleman an.
 4. Transplantasyon ak sèvis ki gen rapò ak transplantasyon.
 5. Pasyan/Moun ki bay garanti ki pa fin itilize nèt tout sous finansman anrapò ak swen sante.
- H. Mete Piblik la okouran
1. Bayfront Health St. Petersburg ap avèti ak enfòmasyon manm kominote li sèvi a sou FAP nan yon fason ki kalkile lojikman pou rive jwenn moun ki gen plis chans bezwen asistans finansye nan men etablisman an.
 2. Bayfront Health St. Petersburg pral fè enfòmasyon yo disponib
 - a. Nan aktivite apwopriye sansibilizasyon kominotè.
 - b. Nan afich dijital ak tiliv sou papye ki disponib pou vizitè etablisman an.
- I. Kouvèti
FAP la aplike pou Bayfront Health St. Petersburg.

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	9 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

J. Gen enfòmasyon anplis ki disponib pa mwayen sa ki annapre la yo:

Sitwèb ak Imèl	Sitwèb: https://www.bayfronthealth.com/patient-information/financial-information/financial-assistance-program Imèl Adrès: BayfrontStPeteFinancialHelp@orlandohealth.com
Telefòn	Nimewo Asistans Finansye: 321.843.8955 Nimewo Sèvis Kliyantèl: 321.841.2596 oswa 877.793.0145 Nimewo Etablisman Lopital: 727.823.1234
Pa Kourye	Orlando Health Patient Access Attn: Financial Assistance Team P.O. Box 560176 Orlando FL 32856
An Pèsòn	Bayfront Health St. Petersburg 701 6th St S Saint Petersburg, Florida 33701

Kalite Règleman:	PIBLIK	Kategori:	Jesyon Revni
Title:	Règleman Asistans Finansye (FAP)	Règleman #:	1001
Paj:	10 sou 10	Ranplase #:	Pa Aplikab
Dat Piblikasyon:	01/2021	Devlope Pa:	Jesyon Revni Michele T. Napier, Chèf Direksyon Revni
Dat Revizyon:	10/2023	Apwouve Pa:	Siyati Nan Dosye a Leslie Flake, Direktè Finansye

IV. DOKIMAN:

Okenn

V. REFERANS:

- A. Règleman sou Bòdwo ak Koleksyon pou Pasyan Bayfront Health St. Petersburg (Peye Limenm), 1002: [Financial Assistance Program \(bayfrontstpete.com\)](http://bayfrontstpete.com)
- B. Lis Founisè swen Bayfront Health St. Petersburg: [Financial Assistance Program \(bayfrontstpete.com\)](http://bayfrontstpete.com)
- C. Aplikasyon pou Asistans Finansye Bayfront Health St. Petersburg: [Financial Assistance Program \(bayfrontstpete.com\)](http://bayfrontstpete.com)
- D. Règleman Asistans Finansye Bayfront Health St. Petersburg Rezime nan Langaj Klè: [Financial Assistance Program \(bayfrontstpete.com\)](http://bayfrontstpete.com)
- E. Tradiksyon Dokiman FAP Bayfront Health St. Petersburg lang etranje: [Financial Assistance Program \(bayfrontstpete.com\)](http://bayfrontstpete.com)
- F. Gid Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini pou Nivo Povrete: <https://aspe.hhs.gov/poverty-guidelines>
- G. Rejis Federal Vol. 79 No. 250: <https://www.gpo.gov/fdsys/pkg/FR-2014-12-31/pdf/2014-30525.pdf>
- H. Sèvis Revni Entèn Ozetazini (2019), “Egzijans pou 501(c)(3) Lopital Selon Lwa sou Swen ki Abòdab yo – Atik 501(r)” <https://www.irs.gov/charities-non-profits/charitable-organizations/requirements-for-501c3-hospitals-under-the-affordable-care-act-section-501r>

VI. ATACHMAN:

Okenn